



Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 14 RuGwaro rwakaparidza Evhangeri kuna Abhurahamu kare ruchiti: "Mauri marudzi ose acharopafadzwa" -- Garatia 3:8 2020

MUTEMO NENYASHA

Zvidzidzo ZveBhaibheri....

NaMufundisi Zivai Shoko

"Vazhinji vachauya muzita rangu vachiti 'Ndini Kristu uye vachanyengera vazhinji... Imi "Chenjerai kuti murege kunyengedzwa nomunhu. Panguva iyoyo vazhinji vachadzokera shure pakutenda kwavo uye vachamukirana nokuvenzana... Panguva iyoyo mukanzwa munhu anoti kwamuri "Tarirai hoyo Kristu" musazvitenda. Nokuti kuchamuka vanaKristu venhema nevapropfita venhema [vakawanda] avo vachaita minana zviratidzo nezvishamiso kuti vanyengere kunyange navakasanangurwa kana zvichigoneka. Tarirai ndafanokudzai zvisati zvaitika" [Mateo 24:24].

Hewoi hewoi hama dzangu dzinodiwa. Ndine mufaro mukuru kwazvo kukukwazisai zvakare, imi mose vaverengi **veMharidzo Yokuuya Kwake** kuchinyorwa chedu chino cheZvidzidzo zveBhaibheri. Rangu zita ndinonzi Mufundisi Zivai Shoko uye ndafara zvikuru kuti mawanazve mukana nechinguvana chokuverenga chinyorwa chino. Iri ishoko rezvokwadi vadikani, kuti munhu wose zvake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakadzika nokudzama rweShoko raMwari. Mweya neShoko zvinofanira kupfuta pamwe chete muupenyu hwomuKristu.

Sokutaura kwandinogara ndichiita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Bhaibheri Shoko raMwari. Zvakanaka kuti tiite sevadhara vava vepaBerea, [Mabasa Avapositori 17:11] avo vakange vane tsika yokuti vakanzwa shoko "vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro kana upi zvake aiparidza zvaiva izvo". Ndiyo mhaka yei munyori Ruka akavayemura ukuwo mupositori Pauro akatsigira achiti "Shoko raKristu ngarigare zvakakwana mamuri..." [VaKorse 3:16].

Hama yangu pane zvinhu zvikuru uye zvakakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu pose pose zvaupo punenge wotarisana neShoko raMwari. Izvi ndicharamba ndichizvingozvitaure, nokuti dzokororo inesimba.... Shoko ngariverengwe!!

Chokutanga ndechichi "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari" kuti rutibatsire pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, kuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka". Bhaibheri iShoko raMwari rakatakura mifungo yaMwari.

Nderechokwadi uye mariri muneupenyu hwakazara noku-fashukira. Achitsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti: "munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chose chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake. Nokuti hakuna chiporofita chakauya nokuda kwomunhuwo zvake. asi vanhu vakataura zvaibva kunaMwari vachisundwa neMweya Mutsvene. [2 Petro 1:20].

Chepiri ndechichi: Bhaibheri rakaitirwa kuti iwe neni savaKristu tirame hupenyu hunetariro neramangwana. Mwari havadi uye havatarisiri kuti tirame upenyu hwoupenzi, hupofu uye husina kana nhevedzo [direction]. "Nokuti zvose zviya zvakanyorwa kare zvakaitirwa kuti zvitidzidzise, kuti, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro tive netariro". [VaRoma 15:4]. Achinyorerawo sangano ravaKorinde, Pauro anovarangaridza kuti zvose zvakanyora nezvakaitika, "zvakange zviri muenzaniso kwatiri kuti tirige kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa..." [2 Korinde 10:6]. Naizvozvo sokutaura kwatamboita pamusoro, Bhaibheri rakaitirwa kuti ritiswatudze, ritiumbe kuti tikwane pamabasa ose akanaka, uye kuti tirege kuisa mwoyo yedu pane zvisina maturo.

Chokupedzisira chakakoshazve ndechichi: Shoko raMwari ibenyu rine simba rose uye mariri mune upenyu. "Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba [rose]. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari. [VaHeberu 4:12] Mushoko raMwari ndimo muneuchi hwezvouvambo hwedenga. "Ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda kune uyo akandituma, ane upenyu husingaperi uye haachatongwi, abva murufu uye apinda muupenyu". [Johani 5:24].

Muchinyorwa chino ndati ndimbotarira nokutsengera-tsengera pamusoro penyaya yandinoziva kuti inosimudza mweya wehasha muvazhinji kana ukataura nezvayo. Nyaya yoMutemo neNyasha [Law and Grace]. Kamwe unogotaura chete kuti savatendi hatisisiri pasi pomutemo asi pasi paKristu nenyasha dzake, maiwee chaputika. Ndokumbirisa zvikuru muverengi wangu unyatsonditevera zvinyoronyoro, unzwe kwandiri kubva nekwandiri kuenda.. Shuviro yangu

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

ndeyokuti tose tiroverere hoko kubva Mushoko raMwari kwete mumifungo yavanhu. Handei tione...

MUTEMO NENYASHA...

Mwari pavakasika ndudzi dzose dzapanyika, vakazviitira mufaro wavo, kuti tiyanane navo uye tichirama upenyu husina magumo husingaperi mavari. Upenyu ndozvahwakange huri Mubindu reEden. [Zvakazarurwa 4:11]. Chakange chisiri chinangwa chaMwari kuti zvinhu zviende nepamwe, kana kuti ndudzi dzose dzisave nomukana wakasununguka wokuyanana navo. Bva chinosuwisa zvikuru, ndechokuti chivi chakauya panyika kubudikidza naAdhamu uye chikano tibvisa pana Mwari uye zvakare chikanopazurura rusununguko rwokuyanana kwedu navo. Asika izvi hazvina kumisa Ishe kuti vatigadzirire imwezve nzira yokuti kuyanana ikoku naye kudzoredzerwe. Izvi vakazviita kubudikidza nehurongwa hwezvibvumirano zvavakaita, izvo zvakanoperera mukutambudzwa kwaJesu Kristu, kufa kwake uye nokumuka kwakezve kubva kuvakafa.

Valsiraeri Vakaziva Chivi Kubudikidza NoMutemo...

Mwari vakasarudza kuita chibvumirano chavo naAbhuraamu, icho chaizono sanganisirawo vana navazukuru vake. Vana navazukuru vake vakazokurawo vakave rudzi rwaIsirairi avo vaakanoitaze navo chibvumirano achivapa mitemo kubudikidza naMozisi. Muchibvumirano ichi akavimbisa kuzova Mwari wavo ivowo vachiva vanhu vake uye kuti aizovaraidza nyasha dzake kana ivo vakateverawo mitemo yake. Iyi ndiyo mitemo yaakanyora nomunwe wake pachake padombo ari paGomo reSinai. Chinangwa choMutemo kwaive kuratidza chivi kuvanhu vake. Mwari aida kuvaratidza chimiro choutadzi hwavo. VaRoma chitsauko 7 pavhesi yenomwe inoti, “Chokwadi ndingadai ndisina kusvika pakuziva chinonzi chivi kudai pakanga pasina Mutemo. Somuenzaniso, ndingadai ndisina kuziva chinonzi kuchiva kudai Mutemo usina kuti: “Usachiva.” Chivi chaivapo kubva kumavambo, asika pakave pakazopihwa mitemo apo valsiraeri vakazoziva nokuona kuti chivi chii, bvawo Mutemo mumwe chete hauna kukwanisa kupedza dambudziko rechivi nokuvasunungura. Muchibvumirano ichochi ndipowo pakagadzwa vapisista kubva kurudzi rwaRevi uye zvipiriso zvezvivi zvaipirwa neava vapisista vakazvimirira ivo pachavo uye navalsiraeri vose. Mwari

vakaita zvose izvi sechiratidzo chokuuya kwaMessiya Jesu Kristu uyo aizova chipiriso chikuru chizvivi zvindudzi dzose. VaHebheru chitsauko 10:1 inoti iyo: ... Mutemo uri mumvuri wezvinhu zvakanaka zvichauya, asi [iwo] hausiri zvinhu zvacho chaizvoizvo, haugoni kuita kuti vava noswadera pedyo vave vakakwana vachishandisa zvibayiro zvavanongoramba vachipa gore negore. Kudai zvakadaro, zvibayiro zvingadai zvisina kurega kupiwa here? Mutemo waimirira kururama neutsvene hwaMwari uyo waivawo dakariro yemwoyo waMwari yokuti vanhu vake vararame sei uye waiva mumvuri waizvo chaizvo zvinowanikwa muna Kristu munguva inotevera.

Urungwa hwaMwari hukurusa hwokupedza dambudziko rechivi hwaiva muna Jesu Kristu, kwete muMutemo. Bhaibheri Shoko raMwari rinoti iro pana vaGaratia 3 vhesi 23-25... “Mutemo wakava muperekedzi wedu anotungamirira kuna Kristu, kuti tinzi takarurama nekutenda. Asi sezvo kutenda kwakasvika, hatisisiri pasi pemuperekedzi.”

Mwari pavakapa valsiraeri Mutemo, vayiedza kupfanyidzira nyika yanga yorarama upenyu hwesango kuti itore nokurarama upenyu hutsva. Ko Mwari vayiedza kunasururei pavakati, usauraya, kuba kana kuti usava navamwe vaMwari kunze kwangu? Vainge vachigadzurusa zviito nekamuraramiro komunnhu, kuti vaunze raramo yejikerere.

Munjere dzavo Mwari vakaziva kuti valsiraeri havaizogona kurarama gejyee sokuda kwoMutemo wavaive vapiwa, saka saizvozvo kuti pasave nemviromviro yokuzvipomera mhosva, kavapa mukana wokudzikatidza chivi kubudikidza nezvibayiro zvemhuka dzakasiyanasiyana sokureva kweChibvumirano. Zvibayiro izvi hazvina kukwanisa kubvisa chivi chomunhu bodo; zvaingodzikatidza chete. VaHebheru 10 vhesi yechina inoti. Chinangwa chikuru choMutemo kwaiva kuratidza chimiro noutadzi hwomunhu uye noku-pa chibayiro kubudikidza nemhuka kuti mwoyo womunhu udzoredzerweve kunaiye Mwari muukama kusvikira chibayiro chokugumisira, icho chiri Mwanakomana wake, chapirwa. ‘Somuenzaniso, paunovaka imba unokwanisa kuona sekamuri rimwe chete, asika hazvirevi kuti ndiwo maperero ourongwa hwose’

Urungwa hwake Mwari hwokuguma ndehwokuti Mwari vaite Chibvumirano, kwete naIsiraeri chete asiwo nendudzi dzose. Kutu urongwa ihwohwo hubudirire hazvaigona kuti tirambe tichienderera mberi nezvibayiro. Jesu vaifanira

Mharidzo Yokuuya Kwake imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa rubatsiro naMwari uye nevanotitsigira muzvipo neminamoto. Rinopihwa pachena kuna ani naani anenge arikumbira kubva kune veGospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazine rechirungu rinonzi Herald Of His Coming.

Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti weMharidzo Yokuuya Kwake: Godfrey Ndirwenyu

Tumirai minamoto, zvikumbaro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti:

1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe.

E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Nhamba dzembozharunhare dzinoti +263 772 929673. +263 292 498041

Nhengo dzevapi vemazano: Pastor Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

kuuuya kuzova chibayiro chokuguma zvachose uye chavose, kuti vapedze kubayira kwendudzi dzose. Jesu Kristu vakauya panyika kuzopedza zvose zvaive zvichigonekana kupedzwa noMutemo: kunova kushandura mwoyo womunhu. Izvi vakazviita chete kubudikidza nokuzvarwa patsva muMweya. Iyo ndiyo chete nzira, mwoyo womunhu uyo wakasvibiswa nokuda kwechivi chaAdhamu, muBindu reEdheni, waikwaniswazve kunamata Ishe muusununguko.

Chido chikuru chomwoyo waMwari kutiratidza utadzi hwedu uye kutisvitsa pakutendeuka. Idzi ndidzo Nyasha dzakararatidzwa kubudikidza nokufa kwaJesu Kristu. Jesu vakauya kuzodzoredzerazve hukama pakati pendudzi dzose naMwari. Zvino, mubvunzo ndeunoti, kana ukama hwangu hwadzoredzerwazve naJesu, ndichadireizve Mutemo? Mutemo hausisiri wedu isu vaKristu. Mutemo wakatitungamirira kuna Kristu, saka Kristu pavakangouya, zvivimbiso zvakapihwa kuna Abhurahama zvakave zvangu. Zviri saizvozvo, kana zvivimbiso zvakapihwa Abhurahama zvobatika sezvizvi, ndakava sei mwana waAbhurahamu? Nemabasa kana noMutemo here? Kwete kwakava noku-tenda. Handisisiri muna Kristu chete asiwo ndave waKristu; ndave bandiko raKristu; ukama hwangu naye hwadzoredzerwazve. Handichadizeve Mutemo, nemhaka yokuti kubudikidza noMutemo pakave kokuziva chivi uye nokuziva chivi ndakaparadzaniswa naMwari. Naizvozvo hama dzangu dzinodiwa, Nyasha nerusununguko ndozvakatora nzvimbo yoMutemo. Zviviri izvi, Mutemo neNyasha hazvisanganisike; hatichafaniri kuramba takabaturira paMutemo ukuwo tichitendazve kuti tingararama pasi peNyasha. Muchibvumirano Chitsva Nyasha nerusununguko ndozvove kutonga. Johani 1:16-17 “Kubva pakuzara kwenyasha dzake, tose takagamuchira nyasha pamusoro pedzimwe nyasha, nechokwadi zvakazara. Nokuti Mutemo wakapiwa kubudikidza naMozisi, nyashah nechokwadi zvikapo kubudikidzaa naJesu Kristu”. Mwari vakagara vava zvivimbiso zvavo kuna Abhurahama nokumwana wake [mwana zvichireva Jesu Kristu]. Naizvozvo Mutemo haukonesi zvivimbiso nokuti zvivimbiso ndezvaMwari. Shoko raMwari rirpachena: Mutemo wakapihwa kuna Mozisi kwechinguvana, saka sezvo Nyasha dzavepo kubudikidza naJesu Kristu kutsiva Mutemo.

Pana vaGaratia 3:22 tinoverenga aya manzwi, “... Rugwaro rwakapfigira zvinhu zvose muusunungwa hwechivi, kuti vimbiso iya inobva mukutenda muna Jesu Kristu ipiwe vava vanotenda”. Hazvikushamisi ere nhai hama yangu? Zvanzi izvo chivi chakabata zvose uye kuti chisikwa chose chakatsimbidzirwa pasi pechivi kubva pamusi wachakazvarwa. Patinoenderera mberi tichiverenga, tinoona kuti nemhaka yei zvakadaro, “kuti vimbiso iya [iya yakapihwa naAbhurahamu] inobva mukutenda muna Jesu Kristu ipiwe vava vanotenda”. Namamwe mashoko isu vanotenda tinowana nhaka, zvakare kana tikawisiwa pasi, chivi hachisisina simba pamusoro poupenyu hwedu, asi pasi peNyasha. Izvi tinozviwana mubhuku yavaRoma. Mutemo ukangorarama chete,

chivi chinova nesimba, asi kana Mutemo ukazvomorwa, chivi hachisisina simba zvachose. Tingangotadza hedu kana kuti tingatyora mumwe wemitemo, asika Mutemo hausisipo kutipa mhosva. Tiri pasi peNyasha kwete Mutemo. VaRoma 8:1-2 inoti iyo, “Naizvozvo, hakuchina kupiwa mhosva kuna vari muna Kristu, nokuti kubudikidza naKristu Jesu murayiro woMweya woupenyu wakandisunungura kubva pamurayiro wechivi nerufu”

Vatendi vose zvavo, kwete vafudzi navatungamiriri chete, vanofanira kunzwisisa chinhu ichi, ndokuti tose tibve pasi pesimba roMutemo. Kamwe apo patakaravira simba rokuzvarwa kutsva, pane munana wakaitika, Mutemo wakabva wanyorwa padzihana dzedu. Zaruriro yokunaka kwaMwari yave matiri uye inosimbaradzwa nesimba roMweya Mutsvene. Naizvozvo chiga chose, Mutemo, netumwe tuzviitwa, izvo zvakaiswa zvinofanira kubvisiwa. Hapasisina zviya zvokuti, “Unofanira kuti...”, “Haufaniri kuti...” kana kuti heehee “Bhaibheri rinoti...”, kana kuti “Bhaibheri haridaro...”. Testamende Itsva harisiri bhuku roMutemo. Testamende yaKare ndiro chete bhuku roMutemo. Mupositori Jakobhe vanoti ivo Chibvumirano Chitsva ndecherusununguko nokupombonoka. Naizvozvo hatichafaniri kuzvibvumidza kugara pasi pesimba roMutemo. Muchibvumirano Chakare “zvaive zvakanorwa”, asi Muchibvumirano Chitsva zvinhu zvose zvave kubva muhana. Ndiyo mhaka nei, pasi Chibvumirano Chitsva, hatikwanisi kumufadza Mwari mwoyo yedu isina kururama. Kana mwoyo yedu isina kururama pamberi paMwari hatimbofaniri kuenda pamberi pechigaro chavo, namhaka yokuti havationi. Kana mwoyo wako wasviba- somuenzaniso, kana usingakwanisi kuregerera murume wako kana mudzimai wako, usanyengerera hako chimwe chinhu. Muyengetero waunofanira kupira ndewokuti, “Ishe ndibatsireiwo kuregerera”. Testamende Itsva, hainei chokuita nezviri mumisoro yedu [izvo zvatinoziva]. Mwoyo yedu ndiyo inotaurisisa kupfuura zvimwe zvose zvatanga taura nomuromo.

Chokwadi chiripo ndechokuti, pasi Chibvumirano Chitsva, hapasisina zvimutemotemo, zvechisimba kana kumbandidzirwa. Zvose hasisina. Zvichida panguva ino uri kufunga, “Ndakasununguka chizviizvo here ini?” Mhinduro nde inoti “Hongu!”. “Chaizvoizvo!” Kana tikabvisa Mutemo, asi nguva imwe chete tichiita kuti vanhu vanzwe sevanofanira kuchengetedza Mutemo, zvinoreva izvo kuti sapano tichiri kurarama pasi poMutemo.

Dambudziko guru nderokuti, hativimbi nesimba reShoko raMwari, simba reIvhangeri. Dai taidaro ingadai tichipawo vamwe rusununguko rwavo. Tinofanira kunzwisisa kuti simba yeIvhangeri rinokwanisa kuti dzikinura. Kana tikasanzwisisa, uye kusavimba nesimba reIvhangeri tingangoguma toedza kumisa vanhu kupinda muzvivi kana zvavanotumwa nenyama dzavo, tichishandisa zvimitemo nezvirayirwa. Asika iro harisiri basa redu. Somufudzi kana mutungamiri basa rako nderokubaratidza vatendi zvinodiwa nokufadza Mwari, haisiri nyaya yokusunagirira vatendi,

nemhaka yokuti Ivhangeri inokwanisa kuvasunungurira mukururama, uye igounza kuzvitonesesa uye kutendeuka muhana dzavo zvisingadi ruoko rvedu.

Kana tikamanikidzirwa kuita chimwe chinhu, kazhinji kazhinji zvinopfigira kushanda kwaMweya Mutsvene matiri uyo anenge achitikumbira kuti tiite zvimwe zvinhu zvinomufadza. Tinofanira kuvimba nesimba roMweya Mutsvene. Ndiye Anotirambidza kuita zvakaipa, uye kana tikatadza anotibata pamwoyo yedu, isu patino tendeuka basa raMweya Mutsvene rinotibatsira kusimuka toendere ra mberi nomujaho uri mberi kwedu takasununguka. Nhasi vatendi vazhinjisa vari vasungwa kuvanhu asi iwo Mweya Mutsvene aripo kuti ati tungamirire kuita zvole zvinodiwa noMutemo mumwe chete. Ndiyo mhaka nei zvakakosha kuti tinzwisise kuti rusununguko neNyasha zvakatsiva Mutemo. Kutsiva hakurevi kuwedzeredzwa kuMutemo. Kwete. Zvinoziva izvo kuti chitsaru chakabviswa pachinoiswa chitsva. Ndiyo mhaka nei Bhabheri pana vaRoma 8:3 richiti, “Zvakakundikana kuitwa noMutemo waMozisi nekuti wakanga usina simba munyama, Mwari vakazviita nekutuma Mwanakomana wake akafanana nomunhu wenyama inotadza, kuti abvise chivi uye ape mhosva chivi chiri munyama, kuti zvinodiwa neMutemo zvakarurama zvizadziswe matiria isu tinofamba maererano nomweya, kwete maererano nenyama. Nokuda kwaizvozvo chivi chakakundwa. Zvichida uri kufunga, “Hazvisirizvo izvi nemhaka yokuti semunhu ndichiri kungotadza”. Ndzivo chaizvo hama yangu, asika chokwadi chiripo ndechokuti hatisisiri pasi pesimba rechivi. Hongu tichakonewa nokutadza nemhaka yokuti hatisisiri Mwari; tiri vanokonewa. Musiyano wavepo ndewokuti pose patinokonewa Nyasha dzinotivitsa pakunotendeuka zvakare pose patinotendeuka, zvinotoita sokunge hatina kumbotadza.

Irika ndiro simba rechiKristu. ChiKristu ndicho chete chitendero chakapedzerana nechivi chomunhu zvachose. Kana vaKristu tikakonewa, hatipihwi mhosva bodo, nemhaka yokuti ropa raIshe wedu Jesu rinotichenesa kana tikatendeuka zvinokurevesa. Nyasha hadzirevi kuti tinongoita zvole zvatinoda pose patinoda, asi kuti nyasha dzinoti pose patinotadza Mwari vanotiratidza patatadza uye nenzira yatingadzokazve muhvepo hwavo, kutendeuka uye kukumbira ruregerero. Mwari havazombosiyi hana inorevesa pakukumbira reregerero. SamaKristu uhwu ndihwo upenyu hwatinganhuhwidza vava vakatikomberedza. Tinofanira kubvisa upenyu hwedu pasi poMutemo, topinda muukama naMwari, takasununguka kubudikidza nokuyanana kwedu naKristu, tisina zviga nezvitsimbiriro kubva kuvanhu. Hapana imwezve nzira kana mudimbwa mudimbwa; kuzarurirwa kubudikidza nokuyanana kwedu naKristu.

Mashoko Akakosha Okupeta...

Mukupendera chidzidzo chedu zvakanosha kwazvo, kuti tidzokororezve kukukosha kweropa rakadeuka pamuchinjikwa. Ropa raishe wedu Jesu Kristu. Muchinyorwa chake

“KURARAMA UTSVENE MUNYIKA YECHIVI” Mfundisi T. A. Hegre [1908-1984] vakatipa aya mashoko, “Tinoitwa Vatsvene Kubudikidza Neropa: Chokutanga chatinofanira kubatisisa ndechichi, tinoitwa vatsvene chete kubudikidza neropa [raJesu]. Kristu vakadeura ropa ravo paMuchinjikwa weKarivhari senheyo chete yokuregererwa kwezvivi zvedu. Sokutaura kweShoko ravo Mwari, vose vanotendeuka nokutenda munaJesu Kristu vacharegererwa zvivi zvaro. Zvibayiro zvemhuka muTestamende Yakare zvainongedzera kuchokwadi ichochi izvo zvakanangira mubindu reEdheni [Garden Eden]. MuTestamende Itsva Johani Mubhabhatidzi akanongedzera kuna Jesu Kristu seicho chibayiro chakanongedzerwa Mutestamende Yakare. Akati iye, “Tarirai, Gwayanal raMwari rinobvisa chivi chenye! Uyu ndiye wandakati nezvake: ‘Anouya shure kwa ngu ndiye akatanga, nekuti akavapo ini ndisati ndavapo’” Johwani 1:29. Mupositori Johwaniwo mutsamba yake yokutanga anoti “Naizvozvo, sezvo iye ari muchiedza, kana tichifamba muchiedza tiri kuwadzana pamwe chete, uye ropa raJesu Mwanakomana wake rinotichenesa pazvivi zvole. Kana tichitaura kuti, “Hatina chivi,” tiri kuzvinyengera uye chokwadi hachisi matiri. Kana tikareurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama anotiregerera zvivi zvedu uye anotichenesa pakusarurama kwedu kwose. [1 Johwani 1:7-9]. [Kubudikidza neropa raKristu chivi chinotsvairwa utsvene hwokwanisirwa. Ropa raJesu chete ndiyo nhume kutiita vatsvene. “Maererano neMutemo zvinhu zvizhinji zvinochenesa neropa, uye kana ropa rikasadururwa hapana kukanganwirwa kwezvivi kunovapo”. Ropa mutumwa waMwari kutiita vatsvene, “Zvinhu zvizhinji maererano noMutemo zvinochenesa neropa, uye kana ropa rikasadururwa hapana kukanganwirwa kwezvivi kunovapo”. VaHebheru 9:22. Nokuda kwaJesu Mwari vanoregerera nokuchenesa mutendi wose anenge atendeuka. Uyu ndiyeka anenge azvarwa patsva kubva kumusoro uye kubva ipapo ipapo anenge ave nechokwadi choupennyu husingaperi. Chimwezve ndechichi: Tinoitwa Vatsvene Nokuda KwoMuchinjikwa...Bva ropa raKristu harisiri iro roga mutumwa kushandiswa naMwari kutiita vatsvene. Tinoitwawo vatsvene kubudikidza nomuchinjikwa. Chivi chakaodza nhengo dzose dzomunhu. Rudzikinuro hachisiri chinhu chakareruka, asika idambudziko gurusa rinoda njere nesimba raMwari. Uyo anogamuchira kuregererwa zvakare ane chokwadi noupenyu husingaperi, anozova nenyota inopfuura kudakarira kuregererwa chete, nemhaka yokuti chivi ndeicho chakapetwa kaviri. Panze pemabasa echivi, panewo chirwere chiri mukatikati medu choushati. Ichi hachiregererwi kwete, chinofanira kufa. Muporofita Isaiah anotsanangura nezveuri hwoupenyu hwomunhu. “Isu tese tadzungaira semakwai, Mumwe nemumwe atsaukira kunzira yake, Uye Jehovha aita kuti kukanganisa kwedu tese kuve paari.”

Vehama kwanhasi regai ndimbomirira pano. Wave mufaromukuru kwazvo kudzidzisana nemi pamusoro

pokukosha kwomuchinjikwa. Rambai muchifunganya nezvtange tichidzidza nezvazvo. Kusvikira tasanganazve muzvinyorwa zvinotevera, ini mufundisi Zivai mwana waShoko regai nditi chisarai... MAGUMO

ZVATINOTENDA SEMHARIDZO YOUKUUYA KWAKE

1. Tinotenda kuti Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari, ndorwechokwadi, runesimba uye ndirwo rune shoko rokuguma panyaya dzose dzokutenda (2 Timoti 3:16).
2. Tinotenda kunaMwari mumwe chete uyo anozvirakidza muutatu: Mwari Baba, Mwari Mwanakomana uye Mwari Mweya Mutsvene (Mateo 28:19).
3. Tinotenda munaIshe Jesu Kristu, kuzvarwa kwavo nemhandara Mariya, hupenyu hwavo husina chivi, muzvishamiso neminana yavo, mukuponeswa kunobva murufu rwavo, Kubudikidza neropa ravo, kumuka kwavo kubve kuvakafa, nokukwira kwavo vachinogara kurudyi rwechigaro chaBaba uye mukudzoka kwavozve musimba nokubwinya.
4. Tinotenda kuti, kuti pave noruponeso kuvakarasi-ka, kuzvarwa patsva noMweya kunofanira uye kwakakosha zvikuru (Johani 3:3-7; 1 VaKorinde 12:3).
5. Tinotenda muushumiri hwaMweya Mutsvene nhasi, uyo anozadza nokukwanisira muKristu kuti ararama upenyu hutsvene nokufadza Mwari (VaGaratia 2:20).
6. Tinotenda mukumuka kwovakafa, vakarasika vanomukira mukuraswa, vatsvene vachimukirawo kuupenyu husingaperi (Ruka 21:27; Mabasa 1:1-11).
7. Tinotenda mukuwadzana pamweya kwevatendi vose munaKristu Jesu (Johani 13:34).
8. Tinotenda kuti Mwari havana kurasa rudzi rwavaIsiraeri. Rudzi rwaIsiraeri ndevakasurudzwa vaMwari uye ruchine chikuru chokuita muurongwa hwaMwari mukuponesa nyika, saka nanhasi isu tinofanira kuropafadza nokunyengerera nyika yaIsiraeri sokureva kweShoko ravo (Genesis 12:2; Psarema 122:6).

MHURI NEMISHA YEDU KUNAMWARI...

KUNZE KWOKUNGE JEHOVHA VAIVAKAIMBA

(Nouchenjeri Imba Inovakwa)
NaKim Butts

“Kana Jehovha asingavaki imba, vavaki vayo vanoshandira pasina. Kana Jehovha asinga chengeti guta, varindi varo vanomira vakarinda pasina” [Pisarema 127:1].

“Nouchenjeri imba inovakwa, uye kubudikidza nokunzwisisa nosimbiswa; Kubudikidza nezivo makamuri ayo anozadzwa nezvinhu zvinoshamisa uye nepfuma yakaisvonaka inoksha” [Zvirevo 24:3].

Kubva mubhuku reDuramanzwi re The American Heritage Dictionary of the English Language imba inoreva chivakwa, chiumbwa chinogarwa nemunhu, kana vanhu, zvikuru sei nemhuri. MuBhaibheri shoko raMwari, “imba” inomirira mhuri kana upenyu hwomunhu. ‘Imba’ ishoko rinomirirawo mhuri yokwenyu, kwete chivakwa chete [zvakaite samakichini kana yokudyira] kana namabhedhirumu [imba yokuvata].

Naizvozvo kana tachiti isu, imba yokwanhingi tinenge tichireva mhuri yokwavo uye kare uye nanhasi munhu wose paiveri aive chionero cheimba [mhuri] yokwavo. [Chimwezve chinobata uye chatinoona kana nanhasi chaye ndechokuti, kana wokwenyu akashinhwa, ngozi yacho yaitonobata bata mose vemuimba iyoyo]. Kusazvibata kwovokwenyu kwaito kana kuti regai nditi kunotokanganisa chimiro chemhuri yokwenyu. Editor] Ko nhai mudikani, mweyai uri muimba yokwenyu? [Imhepoi inovhuvhuta pakati penyu semhuri] Muri kuvimba here naBaba, uye mu-chivapa chinzvimo chavo, soMusiki wazvose, kuti vabate zvose mukuvaka nokuvakurudza imba yenyu.

Pikisano youchenjeri HwaMwari Nouchenjeri Hwenyika.

Sokuziva kwedu tose, pane uchenjeri nokunzwisisa kwenyika kunopesana Na Mwari Baba vedu. Zivo ingan-gotsanangurwa seuropi hwakatakura, kana kusenga zviga zvineudzamu zvezvakawanda uye nezvimwewo kubudikidza nenziranyokudzidza. Asika zvingangoitika kuti tizadzwe rweino nyika asi tisingazivisisi izvo zvatinoti tiziva. Uye kuva neruzivo rweino rwakadzama hazvitiiti vakachenjera panaMwari. Kazhinji idzo njere idzodzo dzinotiita mapenzi muzveumambo hwaMwari.

“Akachenjera aripiko? Akadzidza aripiko? Muiti wanharo wenguva ino aripiko? Ko Mwari haan kuita uchenjeri hwenyika ino upenzi here? Nokuti muuchenjeri hwaMwari, nyika kubudikidza nouchenjeri hwayo, haina kumuziva, Mwari vakafadzwa nazvo kuti vanotenda avaponese kubudikidza noupenzi hwezvakaparidzwa” [1 vaKorinde 1:20-21].

Chokwadi ichi ndechakavandika uye chinoshamisa chokuti izvo pose apo vanhu venyika vanoona soupenzi nzira nokushadan kwaMwari, chokwadi cheShoko raMwari chinoti izvo upenzin ihwohwo ndihwo hunopa upenyu husingaperi kune avo vanuhutambira.

Ungwaru hwakaperera, njere uye kunzwisia, zvinobvanmuhana yaMwari uye, tinozviwana chete kubva kuna Iye. Inzwan, “Kana mumwe wenyu achishaiwa uchenjeri ngaakumbire kuanMwari, anopa zvakanwanda kuna vose asingatsviki mhosva, uye achapiwa hake” [Jakobho 1:5]. Zviri pachena kubva paichi chinyorwa kuti, kuti iwe neni tiwane uchenjeri pamweya, tinofanira kudzimbira kuna Baba. Uchenjeri uhu hahwuwanikwi nokushingaira kwedu aiwa. Saizvozvo, sokuronga kwovaMasimba ose, hurongwa hwake hwakasiyana zvikuru namafungire enyika. “Nokuti Jehovha anopa uchenjeri, uye mumuromo wake munobuda zivo nokunzwisisa” [Zvirevo 2:6].

“Nouchenjeri Jehovha akateya nheyo dzenyika, nokunzwisisa akaisa matenga munzvimbo dzawo; noruzivo mvura dzakadzika dzakapatsurwa, uye makore akadonhedza dova” [Zvirevo 3:19-20]. SamaKristu tinofanira kutenda nemwoyo yedu yose kuti zvose zvinobva mumaoko aMwari, kwete nokuda kwokushingairira kwedu. Simba redu rose ratinoisa pakuvaka dzimba dzedu harina maturo kana zvisina Mwari mukati. Kana tikawira mumiedzo yokuda kana kuzama kuvaka nokuvakurudza dzimba dzedu nesimba redu, ngatizvizeve kuti tawira mumiedzo yokudzimaidzwa kwemeso edu nouyo wakaiwa. Naizvozvo pane dzino nguva kana uri kuverenga iyi nyaya ugoona ringori simba rako raunoisa pakuvaka imba yako, imbomira zvisomana, utsvage uso hwaMwari mukutendeuka. Tanga nhasi kubvumira Mwari kuti vavakurudze imba yako kubvira pahwaro zvichikwira nenjere dzavo kwete kuvimba neuchenjeri hwerino pasi. Kune avo vanotenda kuti kanantikaunganidza zivo pamusoro paMwari, tingamuzivisisa uye nzvichatitungamirira kunjere chaidzo idzo. Iyi hazvisirizvo kwete. nKungoziva Mwari chete nomusoro asi zvisingabvi pakati pakati pomwoyo upenzi. Inzwa, “nokuti upenzi hwaMwari hwakachenjera kupfuura uchenjeri hwomunhu, uye utere hwaMwari hwakasimba kupfuura simba romunhu” [1 Korinde 1:25].

NJERE DZINOUYA MUKUZVININIPISA

Bhuku yaZvirevo chitsauko gumi neimwe ganhuro yepiri inotiudza iyo kuti, “Kana kuzvikudza kwasvika, ipapowo kunyadziswa kwasvikawo, asi uchenjeri huri kune uyo akazvininipisa”. Naizvozvo “kana” nenjere imba ichimiswa, isu tinofanira kuva nokuzvininipisa kunoonekera nokupa zvose kuna iye Mwari, Muvaki Wazvose. [Vabereki] Zvino yave nguva yokuchera tichidzikisisa muzvokwadi yaMwari iyo inounza mhuri dzedu muizvoizvo zvakanwanda zvatakagadzirirwa naMwari, munaKristu, kuti imba dzedu dzigadzikane kubudikidza nokunzwisisa, uye imba iri ipi zvayo yose igozadzwa noupfumi hunobwinya nokuvaima. Kana tikasa teerera, Shoko raMwari rinotiudza uizvo

kuti “Jehovah anoparadza imba yomunhu anozvikudza..” [Zvirevo 15:25a]. Ukuwo richiti zvakanwanda “imba yowakarurama icharamba yakasimba” [12:7b]. Dzimba dzedu ngadzive dzimba dzovakarurama, dzavatsvene.

Chokwadi Pamusoro Penjere

Uchenjeri chikamu chaMwari icho agara anacho kubvira nyika isati yavapo: “Jehovha akandibudisa sebasa rake rokutanga pamabasa ake, kutangira mabasa ake akare, ndakagadzwa kubva pakusingaperi, kubva pakutanga, nyika ino isati yavapo” [Zvirevo 8:22-23]. “Mwari vakaita nyika nesimba rake akateya nyika nouchenjeri hwake, uye akatambanudza matenga nokunzwisisa kwake” [Jeremia 10:12]. “Haiwa Jehovha, mabasa enyu makaita nenjere. Nyika izere nezvisikwa zvenyu” [Ps 104:24]. Vana vako vanoziva here Mwari somuMusiki wavo uye neurongwa hwake pamusoro poupenyu hwavo. Unovabetsera here nguva nenguva kuti vagare muuvepo hwaMwari vaine ukama naye hunokudza kubikidza neminyengerero nokurava Shoko rake. Uku mudikani ndiko kushanda pamwe chete naMwari mukuvaka imba yako. Njere Dzinopihwa Chete naMwari uye hakunazve kumwe kwatingadziwana: “Nokuti Jehovha anopa uchenjeri uye mumuromo wake munobuda zivo nokunzwisisa” [Zvirevo 2:6].

Ko nahi hama dzangu, kana mwana wako akakubvunza mubvunzo nhasi, unomupa mhinduro maererano neruzivo rweino nyika here kana kuti unovanongedzera kuuchenjeri hwaMwari kubudikidza nechokwadi cheShoko ravo? Vna vedu ngavadzidziswe kutsvaga uchenjeri hwaMwari munazvose. Jesu Kristu ari kwatiri uchenjeri hunobva kuna Mwari:

“Nokuda kwake, imi muri muna Kristu Jesu, uyo akava kwatiri uchenjeri hunobva kuna Mwari...” [1Korinde 1:30]. Vana vako uri kuvadzidzisa here kutsvaga njere dzapamweya pose pavanenge vave munguva dzakaoma, pane kuti vatsvage rubatsiro kubudikidza nungwaru hweino nyika. Munovanongedzera here [savabereki] kuna Jesu Kristu nguva dzose pavari kudai kufambira mberi noupenyu hwavo uye vakatarirana neurongwa hwaMwari noupenyu hwavo.

Tinofanira kudzidza Kutya Mwari, ndiko kutanga kweNjere: “Kutya Mwari ndivo mavambo enjere, vose vanotevera mitemo yake vanonzwisisa. Kurumbidzwa ndokwavo nokusingaperi” [Ps 11:10]. Ko nhengo imwe neimwe yemhuri yenyu yakatora here Jesu samambo nomuponisi wake. Ko mhuri yenyu inonamata Mwari mukutya nokumukudza here? Vari kukura here pamweya zuva nezuva uye varikudzidza here kuramba vakamira muungwaru hwomweya, kana kuti vari kenyengerwa nezvounngwaru hweino nyika, hunotungamirira mukuraswa?

Kuti tiwane njere tinofanira kudzikumbira kuna Mwari: “Kana mumwe wenyu achishaiwa uchenjeri ngaakumbire kuna Mwari, anopa zvakanwanda kuna vose asingatsviki mhosva, uye achapiwa hake.” Kana usisazivi kuti wobata sei izvo zviri pamberi pako, muimba menyu kana pabasa

rako, uotora here matanho kubudikidza neungwaru hweino nyika kana kuti unokumbira njere kubva kuna Mwari. Inzwa “Vimba naJehovah nomwoyo wako wose urege kuzendamira panjere dzako; munzira dzako dzose umutende uye acharuramisa nzira dzako. Usazviita munhu akachenjera pameso ako; itya Jehovah uvunge zvakaipa. Izvi zvichava utano pamuviri wako nokusimbiswa kwamapfupa ako” [Zvirevo 3:5-6]. Unobvuma here kuvana kana mudzimai kana murume wako apo unenge usisina mhinduro dzakakwana padambudziko rinenge riri pamberi pako, ugone kuna Mwari mumunyengetero uchitsvaga kuda kwake, sezviya zvakaita mambo Jehoshaphati, apo aive atarirana nomuvengi. Akanamata akamiririra mhuri yose yokwa-Judah achiti, “haiwa Mwari wedu hamunga vatongi here? Nokuti isu hatina simba rokutonga hondo yakadai iri kuuya kuzotirwisa hatizivi kuti tingaita sei asi meso edu akatarira kwamuri.” [2 Koronike 20:12-13].

Tinofanira Kunyengeterera Njere, tinokutenda kuti Mwari vanotipa: “Nokuti paanokumbira [apa anoreva uyo asina njere] anofanira kutenda uye asinganyunyuti, nokuti uyo anonyunyuta akaita sefungu regungwa, rinosundwa uye richimutswa mutswa nemhepo. Munhu uyu ngaarege kufunga kuti achagamuchira chinhu chipi zvacho kubva kuna Mwari; ane mwoyo miviri, anongoshanduka shanduka mune zvose zvaanoita” [Jakobho 1:6]. Vana vako vanotenda nokuziva here simba reminyengetero. Vanomiririra here kumhinduro dzinobva kuna Mwari. Pane nyaya inotaurwa yezvavamwe mufundisi vakadana Kereke yavo kuti vanyengetere mvura pamwe chete, sezvo panguva iyi kwaive kusina mvura yainaya. Pavakange vakatarira chaunga chavanhu vaive vari mubishi rokunyengeterera mvura vakaona chimwe chisikana chakagara chichitizvifarira zvacho, asi padivi chine amburera. Pakuona izvi, mufundisi ava zvakawira kuti kanapo vanhu vose vaivi vauya kuzonongeterera mvura, chisikana ichi chaive chauya chichikarira mhinduro kubva kuna Mwari. Chaitotarisira kuti mvura ichanaya chete. Chaitenda chisikana ichocho nhai, “naizvozvo ndinoti kwamuri zvose zvamunokumbira mukunyengetera, tendai kuti mazvigamuchira, uye zvichava zvenyu” [Mako 11:24]. Uri kudzidzisa here vana vako kusava nepfungwa dzinomutswa-mutswa kana kungonyunyutanyunyuta.

Kuti vamire vakasimba vachivimba nenjere dzaJehovah uye vachitora dzidziso dzaMwari kuti vasotorwe nedzidziso dzeino nyika kana dzeshamwari dzavo dzavanoona nsedzakanaka. Mupositori Pauro anoti iye, “ipapo hat-ingarambi tiri vacheche, vanosundidzirwa shure nemberi vachipeperetswa kuno nouko nemhepo ipi zvayo yedzidziso, uye nokunyegegera nousvinu hwavanhu mukutsausa kwokunyengetera kwavo”.

Kune dzidziso dzenhema dzakawanda dziri kungokandirwa kandirwa vana vedu mazuva ano, naizvozvo vanofanira kudzidziswa kunyengetera, kutenda, kushingairira, urongwa nezvinangwa zvaMwari muupenyu hwavo. Kana vana vedu vakasapiwa hwaro hwakadzika hwokutsvaga moyo

neuso hwaMwari uyo anovapa simba rokumira vakasimba, havambozokwanisi kuumba kwavo kutenda kunomisidzana noupenzi hweino nyika. Dzidzisa vana vako kuti vabvumire Mwari kuvaka dzimba dzavo, kuti vasazowira kuzveino nyika izvo zvinoita sezvakachenjera asi zvichitungamirira kurufu. Kana vakasagara muna Jesu vangangozobvumira zvose zvinopotserwa nowakaipa muupenyu hwavo. Vanofanira kuziva kuti Mwari achavapa njere kana vakakumbira sokureva kunoita Jakobho 1:5.

Tinofanira kushingairira kugamuchira njere dzaMwari kana tadzikumbira kwavari: “Kana ukatenda, uchawana zvose zvaunenge wakumbira mumunyengetero.” Kumhinduro, kuzvichemo zvedu, zve tiri maringe nechivimbiso chaJakobho 1:5, Baba vachatipa njere kubudikidza nokutinyevera mumwoyoyedu uye kubudikidza neShoko ravo. Sezvo shoko ravo risinganyepi uye riri rechokwadi, zvine musoro kuti shoko rake ndiro chete ratingavimba naro kuti tiwane njere. Chose chatingangofungira kuti tachinzwa kubva kuna Mwari tinofanira kuchisefa neShoko raMwari. Kana tikakumbira njere kuna Jehovah, asi tozotadza kumirira kuti zviitike sokuronga kwavo, tingangoedziwa zvakare, kuti tiite zvose musimba redu. Kangani apo tinonyunyutira Mwari, kana zvatinenge takumbira zvisina kuuya nenguva yatinotarisira. “Hama dzinodiwa, kana mwoyo yedu isingatyi mhosva, tinako kuvimba pamberi paMwari uye tinogamuchira kubva kwaari zvose zvatinokumbira, nokuti tino-teerera mirayiro yake uye tinoita zvinomufadza” [1Johane 3:21-22].

Imba yako [somubereki] inofanira kuvakwa nenjere dzinobva kuna Mwari chete. Kana Mwari asiri iye muvaki hwaro hungangotsemuka uye ugova nechivakwa chisina maturo, chinowa nokudhirika. Muchikamu chinotevera tichatarira nehwaro hwatinofanira kuvakira dzimba dzedu. “Naizvozvo munhu anonzwa mashoko angu aya uye akaaita, akafanana nemurume akachenjera uyo akavaka imba paruware. Mvura yakanaya, nzizi dzikazara uye dutu remhepo rakauya rikarova imba iya, asi haina kuputsika nokuti hwaro hwayo hwaiva paruware. Asi munhu wose anonzwa manzwi angu akasaita akafanana nemurume benzi akavakira imba yake mujecha. Mvura yakanaya, nzizi dzikazara uye dutu remhepo rakauya rikarova imba iya uye ikawa nukuwa kukuru” [Mateo 7:24-27].

“Nokuti makaponeswa nenyasha, izvo zvisingabvi kwamuri asi chipo chaMwari, hazvibvi pamabawa enyu bodo, kuti parege kuva nemunhu anozvikudza. Nokuti tiri basa rake, takasikirwa kuti munaKristu tiite mabasa akanaka akagadzirirwa kare naMwari kuti tifambe maari....”

vaEfeso 2:8-10

Uchapupu Kushoko Romuchinjikwa....

Ini zita rangu ndinonzi Canaan Gumbo. Ndiri murume wamakore makumi matanhatu nemana [64] okuzvarwa; ndakarooro uye ndine vana vatatu. Ndakazvarwa patsva ndine makore gumi netanhatu [16] usiku hwa31 Zvita mugre ra 1971. Ndakatevera tsoka dzaJesu kwamakore anopfuura makumi mana, nokuda kwenyasha dzake, asika ndakange ndisinganyatsozivisisa nezveIvhangeri iyi yomuchinjikwa waJesu Kristu, iyo inosvitsa munhu mukuzviramba, kumupa manyukunyuku okutakura muchinjikwa wake uye nokutevera Ishe Jesu. Pandinotarira nokuzenzanisa upenyu hwangu nhasi nohwanezuro, mushure mokumbundikira Ivhangeru iyi yezvokwadi yomuchinjikwa, ndave kuona kuti ndaiedza kuraramira Mwari nesimba nongwaru hwangu, uyezve ndave kunzwisisa kuti isimba chete renyasha dzaMwari rinondibatsira, kwete kunzwisisa kwangu kana noruzivo rwakadzama rwaMagwaro Matsvene.

Pandakatanga kunzwa nezveIvhangeri iyi mumakore okuma 80, zvainzwisisa semanyepo chaiwo. Ndaive ndararama kwamakore makumi mana pasi pesangano raive rakabatorira zvikusira pamitemo yaMozisi, kuti munhu ave mutsvene. Chinangwa chaive chanaka chaizvo, asika maitiwo ndiwo aive akasarira. Zvose izvi ndakazoviona mushure mukunzwa ivhangeri iyi yomuchinjikwa waShe Kristu, uya akaroverwa. Ivhangeri iyi inotiudza pachena kuti nzira chete kuupenyu hwokukunda, isimba reNyasha dzaMwari, rinouya chete nokuzviramba uye kuva chimwe chete naKristu mukutambudzika kwake.

Kutenda kwamanyepo kwokuti dambudziko chirakidzo chenzara pamweya. Patinoedza kuzvisunungura kubva pamanyepo aya, tinosisimudza matambudziko makurusa muupenyu hwedu. Ndinofarisisa zvikuru naMweya Mutsvene uyo anondichengeta akasvikira pakunondiisa paiyi ivhangeri inotubukira, ndiine ichi chivimbo chokuti ndichapedza ndima yangu zvakanaka uye ndichachengetedza kutenda kwakagamuchidzwa kuvatsvene, kubidikidza nesimba renyasha dzaMwari. Kana ndikatarira kumashure mandakapinda namo-- kutambudzwa, kurehwa, nokushushwa—zvinhu hazvina kumbova mutambarakede, asika hwangu hwaiva husina kuzviphuna. Ndaive nakwo kuzvida kakuzvitonga, panokupira zvose kunaShe Jesu. Zvisinei hazvo, nyasha dzake, kubudikiza neiyo ivhangeri, dzakandibata pamwoyo, dzikandidzidzisakupira zvose kukuda kwaMwari. Ndinomufaro mukurusa kubva panarasa uda kwangu kwose zvakare ndave muKristu anofarisisa, arikukudzwa nesimba enyasha dzake. Ngaarumbidzwe Ishe Jesu Kristu... **naCanaan Gumbo**

“Pazuva iroro muchaziva kuti ndiri munaBaba imi muri mandiri, uye ini ndiri mamuri. Ani naani ane mirairo yangu uye anoiteerera, ndiye anondida iyeye. Uyo anonodida achadikanawo naBaba vangu, neniwo ndichamuda uye ndichazviratidza kwaari. Kana munhu achindida achateerera udzidzisa kwangu. Baba vangu vachamuda, uye tichauya kwaari toita ugaro hwedu naye” (Johane 14:23).

Uchapupu Kushoko Romuchinjikwa....

Pose pandinotarira upenyu hwangu, ndinoshamiswa kwazvo nenyasha huru dzaMwari sezvo ndave kuziva kuti ndiri zvandiri nokuda kwenyasha dzake idzodzi. Pauduku hwangu ndairarama sokuda kwangu uye handaiva nenguva yokuteererawo kurayira kwavamwe. Nerimwe zuva Mwari vakandibata upenyu hwangu ndikazvarwa patsva. Hazvina kunditorera nguva kuti ndione kuti ‘kuzvarwa patsva’ uku kwaive kusina kukwana kushandura upenyu hwangu nemhaka yokuti pose pandaishingairira kurarama umwari, paiva nechimwe chikamu chomwoyo wangu chaikweverwa kuzvenyika nemaramiro ayo. Zvatoita sokuti handaikwanisa kuzunzira pasi kutsva pamwoyo kumimhanzi yenyika, mafaro enyika nezvimwewo zvakadaro. Vechidiki vomuKereke yandaiveri vaivawo nedambudziko rimwe chete serangu, apo taidisa zvikuru lushumira Mwari asi ukuzve tineutepfu-tepfu muupenyu hwedu. Ndaive ndisina kuzvipira chaizvo-izvo kuupenyu kweKereke uye ndaingovawo muvhakachi kuKereke nemusi weSvondo. Nerimwe zuva Hama Miki Hardy akauya kuKereke apo takanzwa ivhangeri yoMuchinjikwa kokutanga muupenyu hwedu. Ndoopandakanzwisisa kuti muupenyu maidiwa kushanda kwesimba ramambo Jesu, kundishandura kuti ndive wakafanana naye. Ndoozve pandakatanga kuona michero muupenyu hwangu. Paduku-paduku kuda zvenyika kwakatanga kupozhomoka ndikatanga kushumira Ishe nedanho riri pamusoro. Ndinofara zvikuru kuti muchato wangu wakatangira panheyo iyi uye kuti ini nemurume wangu takanzwisisa kuti kubva kumatangiro zvaida kushanda kwomuchinjikwa muupenyu hwedu kushandura, zvakare kurarama upenyu hwokutambirana munhu sezvaari, kwete kuedza kuchinjirana.

Tafundawo, tiri vaviri kuti Ishe vanoshanda mumwaka uye pane nguva dzokuidzwa tinombovawo nenguva dzakadai panyaya dzemari, apo tinombo pfuura nomukushaya. Asika, nemhaka yokuti tinoziva kuti Mwari vanounza zimwe zvinhu kuzotidzidzisa, kurayira nokutsiura, tinovabvumira kuti vatonge pazvose, uye izvi zvatibatsira kukura pamweya. Munguva dzakaoma dzose idzi, taonawo kuvimbika kwaMwari, neminana okupa kwaMwari. Kutenda kwakavakiwa naMwari muupenyu hwedu munguva dzose idzi kunokundisa matambudziko atakasangana nawo. Haticharami upenyu hwokutya zvichaitika mangwana bodo, sezvo tichiziva kuti pazvose zvinoitika Mwari vanesu. Seni, murume wangu nevana vedu vaviri, shuviro yedu pazvose kurarama upenyu hweivhangeri nokufadza Ishe Jesu... **naZodwa Mhlope**

“Kuna iye anogona kukuchengetai kuti murege kugumburwa uye anokuisai pamberi pokubwinya kwake musina chamunopomerwa, uye nomufaro mukuru, kuna iye Mwari oga muponesi wedu, ngakuve nokubwinya umambo, simba noukuru, nokuna Jesu Kristu Ishe wedu, nguva isati yavapo zvino nokusingaperi” (Judha vs. 24-25).

Chinangwa Chedu Ndecheyi?

1. Chinangwa chikuru che”Mharidzo Yokuuya Kwake” ndechokurumbidza Mwari kuburikidza nemutsurudzo pamweya, pakati pevanhu vaMwari, iyo inozonekera nokumukawo pamweya kwevakarasika. Mharidzo yedu ndeyi: “Ino yave nguva yokutsvaga uso hwaMwari nokururama kwake, kusvikira auya kuzonayisa utzvene hwake pamusoro pedu” [Hosea 10:12].

2. Mharidzo, inopazve mukana kuinzwi rechiporofita, rakafanira nguva yatiri, iro rinodandzira kuvanhu vaMwari kuti vadzokere mukuzvinipisa kunaMwari; “Tsvakai Jehovha achawanikwa, danai kwaari achiri pedyo. Tarirai kuna Jehovha nokusimba rake, tsvakai chiso chake nguva dzose” [Isaya 55:66; Ps. 105:4].

3. Mharidzo inonyengeterera nokushuwira zvikurusa kudururwa kwamafashamo oMweya Mutsvene “pamusoro pa-nyama yose” naizvozvo inokurudzira Sungano nekuwadzana kwavatsvene vaMwari mukunyengeterera iyi mutsiridzo. “Kana vanhu vangu, vanodanwa nezita rangu, vakazvinipisa, vakanamata, vakatsvaga chiso changu, uye vakatendeuka kubva panzira dzovo dzakaipa, ipapo ndichavanzwa kubva kudenga, ndicharegerera zvivi zvavo uye ndicharapa nokuporesa nyika yavo” [2 Makoronike 7:14].

4. Mharidzo Yokuuya Kwake haina Kereke kana sangano rayakarerekera, naizvozvo inophiwa kuna ani naani anenge akumbira, uye inotambirawo rubatsiro kubva kuna ani naani anenge adavira kukufemera kwaMwari “Uyo anopa, ach-abudirira; uye uyo anomutsiridza vamwe achamutsiridzawo” [Zvirevo 11:25].

5. Mharidzo Yokuuya Kwake inonyengeterera nokukurudzira hupenyu hutsvene mukurarama kwevana vaMwari, kuvimbika munazvose, kuzvinipisa panaMwari uye kushingairira muushumiri hweivhangeri yomuchinjikwa. “Asi saiye akakudanai ari mutsvene, ivai vatsvene pane zvamunoita zvose; nokuti kwakanyorwa kuchinzi: Ivai vatsvene, nokut: ini ndiri mutsvene” [1 Petro 1:16].

Kukunda Kwakristu Pakarivahari

Na Wesley L. Duewel

VaKristu vose vanofanira kufara nokufarisisa zvikuru nekukunda kwaKristu pamuchinjikwa. Wakakuona kukunda kwaKristu kwakaperera paKarivari. Kwakave kukunda kwedu tose vanotenda nemhaka yokuti Jesu vakatora chinzvimbo chedu pamuchinjikwa, uye akatakura zvivi zvedu pamuchinjikwa. Vakabhadhara mutengo wokudzikinurwa kwedu. Pamuchinjikwa Kristu Jesu vakapedza zvose! Karivhari kwakave kukunda kusingaperi kuna ani naani zvake anoda nokugamuchira. Zvakazarurwa 22:17.

Asika kurutivi raSatani, kukunda kwaKristu paKarivhari, kwakave kuparadzwa, kwakaperera uye kusingaperi-eri. Kumavambo zvakaita sokuti iye Satani akakunda, izvo zvinoratidzawo hupfupi hwemafungiro ake nokunzwisisa kwake. Zvokwadi-kwadi ndeyokuti muchinjikwa wakamuparadza Satani, chivi, rufu uye noutongi hwake hwose. Regai timbodonongodzera nokufananidzira izvo zvinodurirwa neBhaibheri mukuratidza kukundwa kukuru kwaSatani paKarivhari.

Pamuchinjikwa, Jesu vakadzanga Satani, “muchinda wenyika ino” [Johane 12:31-33]. Muchinjikwa wakapa mutongo wawo pamusoro pake. Zvose zvake zvakaparadzwa,

hutongi hwake hwakaitwe pasina. Kukundwa kwake kwakave kwaperera zvekuti ikozvino haasisina nzvimbo yokutonga. Vara rechiGiriki iro rokuti, “**ekballo**” rinoreva ‘**kukukura**’, **kudzanga zvachose**. Muchinjikwa wakapedza nokusingaperi Satani munyika yedu, kanapo achirikungoedza chipatapata muhasha dzisina maturo. Achingori hake “archon” mutongi wemwaka uno kusvikira Mwari vadzikisa havo utongi hwavo hwapamuchinjikwa mushure mokudzoka kwaKristu.

Pamuchinjikwa, Jesu vakabvisa ushe namasimba ose aSatani [vaKorose 2:15]. Iri vara rokuti “**kubvisa**” rinobva pavara rechiGiriki rinoti, “**epekdyo**”, iro rinoreva “kutsvaira zvachose, kusiya pakashama, uye kusiya pasisina kana nesimba rose”. Pamuchinjikwa Kristu vakapurura hwose hutongi [noumambo] hwamadhimoni. Mufananidzo uyu unobva mutsika yakare yechiuto yokubvisa dzose mbasha dzoushe kubva pane uyo anenge akundwa. Pamuchinjikwa hutungamiri, noutongi hwose hune ushe hwose zvakapururwa masimba ose nokukudzwa kwose. Iko zvino havasisina simba rose rokupikisa, kutyisidzira kana kukushungurudza.

Asika izvi hazvisirizvo zvoga, zviripo zvimwe zvikuru

zvakaikwa pamuchinjikwa. Mupositori Pauro vanoti ivo, Kristu, “vakazvibudisa zvose pachena, akazvikunda zvose nomuchinjikwa”. [VaKorose2:15]. Uyuzve muenzani-so unobva mutsika yechiuto munguva yakare. Zvaiti izvo kana mambo obva kubva muhondo aokukunda kukuru, aipihwa nokuvhurirwa nokufamba neparupasa rwokukunda. [Mazuvaano vanoiti **“red carpert”** nechirungu]. Mukundi uyu aifora namauto ake mumigwagwa, yaive yakazara mhomho yevanhu vanopemberera. Vanagwenyambira vachiiimba, ngoro dzamauto dzinenge dzakatakura izvo zvose zvinenge zvapambwa kubva kuna mambo uyo anenge akundwa, uye iye nyakukundwa namakurukota ake vanenge vachinanikwa pachena zvinokunyadziswa.

Vara rechiGiriki iri rokuti **“edigmatisen’** rinoreva “kunanika pachena”. Kubva pakati penguva yokufa kwaKristu, nokumuka, apo akashevedzerakukundwa kwaSatani pamuchinjikwa kumweya yakaipa yakange iri mutirongo, [1 Petro 3:19], mumufananidzo Kristu vakafora zvinomutsindo, pakati petirongo romweya, anaSatanai nevatongi vemadhimoni ake achinyanika kukundwa kwaSatani paKarivhari. Akayanika kukundwakwavo kwose, sokutaura kwamupositori Pauro, madhimoni ose anozviziva anoziva kuti mhedzisiro yavo kukundwa nokusingaperi-peri. Utongi hwake Satani hwakapururwa kubva paari, uye kupera kwake zvachose kwakamumirira. [Mateo 8:29].

“Pamuchinjikwa, Satani nemweya yake yetsvina vakaparadzwa” [VaHebheru 2:14]. Vara rokuti “kudhiriza” [destroy] iro rinobva pavara rokuti **“katargeo”** rinoreva “kuremadza zvokusa shandazve, kuita chisina maturo”. Rinoshandiswa kakawanda kuratidza kuparadzwa kukuru kwakaitwa [uye kuchaitwa] kumasimba ose owakaipa, nhasi uye napakudzoka kwaKristuzve rwepiri, ayo arikutyisidzira mweya wavanhu. Pana vaKorinde vokutanga chitsauko gumi neshanu, pavhesi yemakumi maviri nena izvi zvinosanganisirawo humambo hwesimba rose ramadhimoni. Pavhesi ya 26 narwowo rufu ruchavawo muvengi wokugumisira kushaiswa simba zvachose. Zvose izvi “zvichava pasina”. Kusanganisira naiye Satani pachake noutongi hwose hwemweya yerima [madimoni].

Nokuda kweKarivhari, Kumuka kuvakafa, nokuwira KwaKristu kudenga, Ishe Kristu vakatogadzwa pachigaro choushe. Kristu vakanogariswa “pamusoro-soro poutongi hwose noukuru nesimba noushe hwose uye napamusoro pamazita ose angagona kurehwa kwete pan-yika yazvino chete, asiwo pane nyika ichauya”, [vaEfeso 1:21-22]. Mazita aya ezvomuchadenga-denga angangosanganisirawo ngirozi dzose tsvene, **nedzakapanduka**, idzo dzeva madhimoni nhasi. Kristu vagere pachigaro kuruoko rworudyi rwaMwari, pamusoro poutongi hwose noukuru nesimba noushe hwose, pamusoro-soro poutongi hwose hwokumatenga-tenga, uye pamusoro pengirozi dzose dzakapanduka dzamapoka ose. Zvazvinoreva ndezvizvi dzose ngirozi dzakapanduka **dziri pasi petsoka dzake**, nemhaka yokuti dzakakundwa. Asika dzichiri kungoganhira sokunozi

dzichiri kungotoga, dzichiedza kungosusukidzira utongi hwadzo.

Mweya yemadhimoni iyi inoziva kuti yakakundwa kare uye nokuti magumo ayo achavawo sei; ndiyo mhaka nei dzichitidedera zvikuru uye neminato yedu. Dzinoziva tine simba guru rose kubva kuna Kristu Jesu. Asika kana tikadzidziva nokutuka muzita nesimba raJesu, adzingodududziri shure chete asiwo dzinototitiza. [Jakobhi 4:7].

Muchidimbu, Satani angangodzovova hake seShumba, achiedza kukutyisidzisa, asika muvengi akakundwa. Haana kodzero, chimiro, simba kana mukana kumutemo muupenyu hwako.

a. Satani arikudzingwa, kutsvairirwa kure-kuresa naJesu Kristu. [Johani 12:31].

b. Arikupururwa, kugumurwa uye akananikirwa kunavose somuvengi akakundwa zvachose, muchaunga chaKristu chokukunda. Kristu akaburitsa nokunyadzisa Satani, uye iye Satani akave korona yake huru yokukunda, achiratidza kumatenga nokuGehena, kuti Satani [muvengi wedu mukururu] akakundwa. [Pamakanga makafa muzvivi zvenyu, uye kusadzingiswa kwomunhu womukati, Mwari akakuitai vapenyu munaKristu, Akatikanganwira zvivi zvedu, akadzi-ma mutemo wakanyorwanezvirevo zvavo uyo wakange uchirwa nesu; uye waimira uchipikisana nesu, akaubvisa, aciurovera pamuchjikwa. Uye akati abvisa ushe namasimba, akazvibudisa pachena, akazvikunda nomuchinjikwa. VaKorose 2:13-15] Chishumba chamanyepo chakakundwa kare neShumba Huru yerudzi rwaJudha, Jesu Kristu, Mwanakomana woMunhu, Mwanakomana waMwari anodiwa. [Zvakazarurwa 5:5].

c. Simba rake Satani rakaparadzwa, uye iye nemasimba ake ose okuipa havasisina simba zvachose. [VaHebheru 2:14]

d. Iye Satani nezvingirozi zvake zvamadhimoni vari pasi petsoka dzaJesu Kristu kwazvino uye vachagara pasi petsoka dzake zvachose. [VaEfeso 1:21-22]

Mhedzisiro yazvo, achatsikwatsikwa [synttibo] pasi petsoka dzako iwe mutendi. **Synttibo** ivara rechiGiriki rinoreva kuputsa putsa kuva zvimedu-zvimedu kuburikidza nokutsikatsika”- kushizhinura zvachose. Ndiyo mhaka nei Jesu vachiti kwatiri, nokuvadzidzi vake, “Ndakupai simba rokuti mutsika-tsike pamusoro penyoka, nezvinyavada uye kuti mukunde simba rose romuvengi; hakuna chichakukuvadzai” [Ruka 10:19]. Kanapo tichioneka nhasi setisina maturo, asika mukuzvinipisa isu tinofanira kuva nechivindi totambira simba routongi, tigoshandisa simba iri rinobwinya romuchinjikwa weKarivhari, apo tinomukunda nokusunga masimba aiye Satani muzita raMuponesi wedu Jesu Kristu.

– Kubva mubhuku rinonzi **Touch The World through Prayer**, iro rakanyorwa naWesley Duewel. Rakatsikiswa mugore 1986. Rakashandiswa zvine mvumo yeveDeuvel Literature Trust, Inc., Greenwood, Indiana. Mabhuku a Dhokotera Wesley Duewel anokwanisa kutengwa nekuva-fonera panamba dzinotevera, [317] 881-6751 Ext. 361].

Kukunda Pamweya Munakristu

NaRich Carmicheal

Hondo hurusa pamweya iri kutsviriridzira mweya yedu uye nemweya yendudzi dzose. Chimurenga ichi hachisiri, “nyenya neropa, asi navabati nevanesimba, namadzishe, enyika erima rino, nemweya yakaipa yedenga. [VaEfeso 6:12]. Muvengi wedu Satani, “anofambafamba seshumba inorira, ichitsvaga wainga paradza. Mudzivisei makamira nesimba nokutenda...” [1 Petro 5:8]. Ndiye iya nyoka inamanomano, iyo inonzi muzvitsauko zvokutanga zvebhuku yagenesisi akanyengera madzitateguru edu uye ikavapinza muchivi. [Genesisi 3:1-15], uye ndiyezve chikara nenyoka yakare iyo inowanikwa mubhuku yaZvakazarurwa, arikunyengera ndudzi dzose, kumativi mana ose enyika, kunorwa, kusvikira achinokandwa mudziva rinopfuta nesa-furi. [Zvakazarurwa 20:1-10, Mateo 25:41].

Dhaibhori anozvishandura kuva mutumwa wechiedza, [Uye naizvozvo hazvishamisi nokuti Satani iye pachake anozvishandura kuva mutumwa wechiedza. Naizvozvowo hazvishamisi kana varanda vake vachizvishandura vachizviita veranda vokururama. Magumo avo achava sezvakafanira maitiro avo.] VaKorinde 11:14. Asika akazara nounyengeri, huipi nerima. [Johane 3:8, Mabasa 26:18]. Murayi, murevi wenhema baba vamaneyepo ose uye maari hamuna kana chokwadi [Johane 8:44]. Ononyengera nokudzimaidza mifungo yevasingatendi, kuti vasazive ivhangeri yaKristu wedu. [Zvakazarurwa 12:9; 2 VaKorinde 4:4]. Anomonyorora Shoko raMwari uye anoedza nguva dzose kuba Shoko raMwari muhana dzavanhu [Mateo 4:4-7; 13:19].

Mupomeri wenhema kuvanhu vaMwari uye anotsvaga kushungurudza nokutiparadza [Zvakazarurwa 12:10-11; Jobho 2:4-7]. Anotiedza, anotipikisa, achitirongera huyipi, uye anoedza napose paanogona kuti nyengera, kuti dzvanyidzira kuti awane kutitsikirira nokutitonga muupenyu hwe-du [Ruka 22:31-32; Mabasa 5:3; 2 VaKorinde 2:11; 11:3; VaEfeso 4:27; 6:11, 16; 1Thesaronika 3:5; 1Timoti 3:6-7; 2Timoti 2:26].

SIMBA RAKRISTU PAMUSORO PASATANI

Pose patiri tinoona mabasa nesimba radhiabhori muupenyu hwavanhu. Vazhinji vari kurarama hupenyu hwo-kutya, kusatenda, kugaro funganya, kuvhiringidzika, kudzvanyirirwa, kuzvipomera mhaka, nezvimwewo zvakadaro. Zvichida newewo unaro iri dambudziko rokungogaro shungurudzwa nowakaipa. Kana kuti uri kuzvionerawo kune uyo wauri kushumira. Kana zvakadaro, nhau dzinofadza ndedzokuti kubudukidza nesimba raKristu, simba raSatani rinokwanisa kuparadzwa. “... Mwanakomana waMwari akaonekwa nokuda kwazvozvi, kuti aparadze basa radhiabhori” [1 Johane 3:8]. Mwari vakazodza Mwanakomana

wavo iye Jesu Kristu, noMweya Mutsvene kuti aite zvose zvakanaka uye achiporesa vose vakange vari pasi padhiabhori. “Ipapo Petro akatanga kutaura achiti, “Zvino ndava kuziva kuti zvirikwazvo Mwari haazi mutsauri wavanhu asi anogamuchira vanhu vose vanobva kundudzi dzose ivo vanomutya uye vanoita zvakarurama. Imi munoziva shoko rakatumwa naMwari kuvanhu Israeri, achivaudza mashoko akanaka orugare kubudikidza naJesu Kristu, anova Ishe wavose. Munoziva zvakaitika muJudhia yose, kutanga kuGarirea shure kworubhabhatidzo rwakaparidzwa naJohane, zvokuti Mwari akazodza sei Jesu Kristu weNazareth naMweya Mutsvene nesimba uye kuti akapota sei nyenya achiita zvakanakaachiporesa vose vakange vari pasi pesimba radhiabhurosi, nokuti Mwari aiva naye” [Mabasa 1:36-38]

Hazvina mhosva kuti iye Satani akange adzika midzi sei muupenyu hwako kana muupenyu hweyu wauri kushumira, kubata ikoku kunokwanisa kuparadzwa nokuda kwokuti Kristu ndiani uye neizvo zvakaita uyewo izvo zvaanokwanisa kuita. Satani haana kukwanisa, haakwanisi uye haazombofi akakwanisa kumisidzana naJesu Kristu. “Uyo ari mamuri mukuru kune uyo ari munyika” [1 Johane 4:4].

Imbofunganya zvakasanganikwa nazvo naJesu naiye Satani nesimba rake rerima, sezvazvakanyorwa mumaGwaro. Munazvose Jesu aingokunda zvakadaro. Aingokunda masimba ose miedzo yose yaSatani [Mateo 4:1-11; vaHebheru 4:15]. Ayisunungura vanhu kubva kune kwose kusungwa nemweya yemadhimoni uye kudzvanyidzirwa kwose [somuenzaniso verenga Marko 5:1-20]. Anesimba pamusoro pemweya yose yakaipa uye anobvumidza nokupawo vamwe kukundawo ose masimba kukundawo muvengi. [Ruka 4:3-6; 9:1; 10:17; 10:17-19]. Anoziva manomano ake Satani uye anomutuka zvamazvirikwazvo. [Mateo 16:23 “Asi Jesu akatendeukirakuna Petro akati, ‘Ndibvire pano iwe Satani, uri chigumburiso kwandiri nokuti pfungwa dzako hadzina kurerekera kuna Mwari kwete asi dzakarerekera kuvanhu’”]. Anoreverera dziviriro kuvateveri vake kuti vabve mukuidzwa naSatani uyo anovavarira kuputswa kwokutenda kwavo nowakaipa. Hebheru 7:25. [Naizvozvo anogona kupones zvizere vose vava vanouya kunaMwari kubudikidza naye nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengeterera] Uye kubudikidza nerufu rwake pamuchinjikwa Ishe Jesu vakatsikatsika, kutsondora nokumupurura Satani, vakatonga pamusoro pamasimba noushe hwose, vakamuita asina simba uyo anesimba rorufu! [VaHebheru 2:14 [“... Sezvo vana vane ropa nyenya, naiyewo akagovana pakuva nyama kwavo, kuitira kuti rufu rugaradze iye anesimba rorufuiye dhiabhurosi uye agosunungura vaye vange vakasungwa muuranda upenyu hwavo hwose nokutya kwavo rufu].

KUKUNDA KWEDU KUBUDIKIDZA NESIMBA RASHE WEDU

Siimba nokukunda kwedu muhondo yomweya tiri kuri-wana musimba raShe wedunomusimba rake guru. [VaEfeso 6:10]. Simba riri kushanda matiri iri, igurusa, “risingagoni kuenzaniswa kwatiri isu vanotenda. Iroro simba rakaita sokubata kwesimba rake guru, raakaita muna Kristu paakamumutsa kubva kuvakafa akamugarisa kurooko rwake rworudyi mudenga, pamusoro poutongi hwose noukuru, nesimba noushe, uye namazita ose angakwanisa kurehwa, kwete panyika yazvino chete asiwo pane ichauya. Uye Mwari akaisa zvinhu zvose pasi dzake akamugadza kuti ave musoro wezvinhu zvose nokuda kweKereke, iwo muviri wake kuzara kwaiye anozadza zvinhu zvose munzira dzose.” [VaEfeso 1:19-21]. Naizvozvo simba rake dzvene rakatipa zvinhu zvose zvatinda zvoupenyu uye nouMwari kubudikidza nokumuziva kwedu iye akatidana nokubwinya nokunaka kwake chaiko. Kubudikidza naizvozvo akatipa zvipikirwa zvake zvinokosha kuti nazvo, mugone kugoverwa umwari kuti mugotiza kuora kwomunyika kunouyiswa nokuchiva” [2 Petro 1:3-4]. Uye tigoziva kuti “nhumbi dzatinorwa nadzo hadzizi dzenyika ino bodo. Asi dzine simba raMwari rose rinoputsa dzose nhare. Tinoputsa kukavara nokunyengera kwose kunozvikudza kuchipikisa kuziva Mwari uye tinotapa mifungo yose kuti kubva kumabasa ose akafa enyama tigova vapenyu munaMwari [vaRoma 6:4-11], kuti tigoshumira Mwari Mupenyu [vaHebheru 9:14], kubva kumabasa akawora kuti vapenyu muna Mwari. Muna Kristu mune kununurwa kubva munezvakaipa zvose uye kutibatsira kukunda yose miedzo yowakaipa [Mateo 6:13; Hebheru 2:18; Zvakazarurwa 12:11] Vakamukunda

neropa reGwayana uye neshoko rokupupura kwavo, hava kuda upenyu hwavo zvakananyanya zvokuti vakatya kufa”] Kubudikidza naKristu VaKorinde vechipiri 10:4-6]. Tinokwanisa kurwa namanomano adhiabhoru” noku-ti takashonga nhumbi dzose dzokurwa nadzo dzaMwari [VaFefeso 6:1-17].

Mwari vakatinunura kubva pasimba rose rerima uye akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana wake waanda zvikuru, uyo watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvizi zvedu” [vaKorose 1:1] MunaKristu zvokwadi takasunungurewa. Naizvozvo kana Mwanakomana akatisunungura, takasunungurwa zvamazvirokwazvo. [Johane 8:36]. Kubudikidza nesimba uye nokununurwa kwedu muna Kristu tinokwanisa kusununguka zvikurusa kubva kurufu uye kukutya kwedu zvakaipa [vaHebheru 2:15]. Uyezve kubudikidza naKristu tinokwanisa kuitwa vatsvene zvachose uye tigoitwa vakakwana pamweya yedu yose, pamwoyo yedu yose uye napamuviri wedu wose. [1 VaTesaroneka 5:23].

“Zviisei zvino pasi paMwari. Dzivisai dhiabhoru uye achatiza. Swederai pedyo naMwari uye iye achaswederawo pedyo nemi.”[Jakobhe 4:7].

“Asi zvino muna Jesu Kritu imi makange muri kure kare makaswededzwa pedyo muropa raKristu Jesu. Nokuti ndiye rugare rvedu iye wakaita zvinhu zviviri chive chinhu chimwe chete, akaputsa rusvingo rwapakati rwaiparadzana...”

vaEfeso 2:13-14

Chivi Nokudzikinurwa

Shoko raMwari rinoti mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asika nhau dzinofadza ndedzokuti Jesu akatiripira charango chorufu ichi nokufa kwake pamuchinjikwa; “namavanga ake takaporeswa” [Isaya 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, kana kuramazve muzvivi [VaRoma 6:11-14]; zvikuru sei kana takareurura zvivi zvedu kwaari uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38, 39; VaRoma 10:9, 10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Mukutenda bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira kufa norufu. “Nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari” [VaRoma 3:23]. “Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu” [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi zvako, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. “Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwirwa” [Isaya 55:7].
3. Mukutenda “kutikristu akafira zvivi zvedu...kutikristu akavigwa akomutsa kuvakafa” [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu saIshe noMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. “...Kana ukapupura Nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa uchaponeswa” [VaRoma 10:9].
4. Gara maari Jesu. “Saka naizvozvo, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe naMuponisi wako, ramba uchifambo Maari, munemidzi yenyu nokuvakwa kwenyu maarimakasimbiswa pakutenda, sezvamakadzidziswa...” [VaKorose 2:6].